


# Bon Nouvèl



*Journal pou moun ki renmen lang manman yo*

42° ane \* n° 461 \* Me 2009

*Pri journal la : 10 goud*

*Fabyèn Kola fè pwomosyon kilti Ayiti a*



- 2 Avangou : Eleksyon san elektè
- 3 Koze mande chèz :  
Eleksyon pou konble 12 pòs nan Sena a  
Nouvèl kout
- 5 Ti refleksyon sou Ayiti :  
Eleksyon solisyon pwoblèm Ayiti yo ?
- 6 Ki moun ou ye : Fabyèn Kola
- 7 Dosye : Lafanmi an Ayiti an danje
- 9 Paj Fanatik : Manman lasajès

- 10 Paj pou jèn yo :  
Espò : Petank yon nouvo disiplin  
Foutbòl : Afè seleksyon nasyonal la  
Popilasyon Pòtoprens pa jwenn kay pou l rete  
Yon memwa sou 15 chante  
Boukmàn Eksperyans  
Orevwa Dayàn
- 14 Pawòl Bondye : Dlo se sous lavi
- 16 Blag ak Mo kwaze

Fanatik Bon Nouvèl yo bonjou,

Dimanch 19 avril eleksyon. Eleksyon se yon moman enpòtan nan yon peyi ki vle pou se sou ray demokratik li mache, paske se nan eleksyon (lib ak onèt) popilasyon an fè konnen sa l vle pou peyi li, chwazi moun ki pou dirije l, elatriye. Se konsa l ta dwe ye an Ayiti tou, si li vle tounen yon peyi ki ka chita sou menm tab ak lòt peyi demokratik yo.

Men kisa nou konstate nan dimanch eleksyon sa a ? Pèp la rete chita lakay li. Eleksyon an sanble pa enterese l. Eske se pran li pran nan kraponnaj kèk sektè politik te gaye, pou fè moun yo pè ale nan eleksyon an ? M pa kwè. Pèp la nan endiferans li montre plizyè bagay. Li voye kèk mesaj klè bay dirijan peyi a: Li pa gen okenn konfyans nan sa n konn rele «klas politik la». Li pa kanpe dèyè kandida ak pati politik k ap goumen pou yon djòb nan leta. Nan obsève l ap obsève konpòtman senatè ak depite ki la yo, ki te sanse pase nan eleksyon ki te fèt anvan, pèp la bay moun sa yo kanè. Li tou bay nouvo kandida k ap parèt yo kanè tou. Li wè se pa anyen politisyen nou yo ap regle pou peyi a, men se pòch yo ak pouvwa yo bezwen y ap defann.

Dayè pandan eleksyon yo t ap fèt jou dimanch 19 avril la, nou te wè jis nan ki degre moun sanwont sa yo konn ale. Kandida senatè mete bann lougawou li yo deyò ak gwo zam fannfwa nan men yo pou yo al fè deblozay nan biwo vòt, jan nouvèl yo te di sa te fèt nan plizyè kote nan plato santral la, tankou Mayisad ak Mibalè. Se machin depite, se machin politisyen konni ki mennen sanmanman sa yo rive nan biwo vòt pou y al boure bwat bilten yo menm anvan eleksyon byen kòmanse. Popilasyon an tou montre l pa gen konfyans nan aparèy leta a ki reskonsab òganize eleksyon an. Li pa gen konfyans ankò nan leta menm, ki sanse pa regle anyen pou soulaje soufrans li. Li rete chita lakay li.

Sa k fè l mal se lè ou ap kalkile konbyen milyon goud ki depanse pou maskarad sa a. Yon lajan ki ta ka regle anpil bagay itil pou popilasyon an, kote pifò nan kòb sa a se peyi etranje yo ki ba li, ki pi enterese nan bon jan eleksyon pase pèp ayisyen an.

Antouka fason nou wè eleksyon yo te pase se yon siyal klè pou moun ki gen pouvwa decide pou pèp la. Li lè li tan pou n louvri pòt bay demokrasi antre. Pou Ayisyen chanje mòd panse politik li. Pou n mete tètansanm pou n konstwi yon peyi kote solèy kè poze ak kè kontan leve pou tout moun. Eske se reve n ap reve je klè ?

Dirèk



# Eleksyon pou konble 12 pòs nan Sena

## Biwo vòt louvri, elektè absan !

*Toupatou nan 10 depatman peyi a se yon sèl vèb k ap konjige apre jounen elektoral dimanch 19 avril 2009 la. Prèske pa gen moun ki al jete bilten nan biwo vòt yo. Anplis operasyon lari blanch, pòt fèmèn patizan lavalas te lanse nan lokasyon jou vòt la, li sanble kominike lapolis te fè soti pou anpeche machin piblik yo pran lari jou 19 avril la te anpeche sitwayen yo al ranpli devwa sivik yo.*

Operasyon vòt yo te koumanse yon fason timid, avèk kèk minit reta nan plizyè sant vòt nan kapital la. Prèske pat gen elektè nan chak sant vòt bon Nouvèl te vizite. Se te menm sityasyon an korespondan lokal yo te rapòte pou vil pwovens yo. Alòske responsab Kep t ap tann an tou 4,5 milyon citwayen ki ta dwe vin vote pou eli 12 senatè ki manke nan gran Kò. Depi prèske 2 zan, Sena a ap fonksyone ak 18 manm sou 30 antou.



Gen kèk kote, fason materyèl yo te dispoze a pa t garanti yon vòt sekre jan lwa elektoral la mande sa. Nan Bon Samariten, se atè pèsònèl biwo, bilten, izolwa, ak bwat bilten te ye. KEP la pa t voye materyèl pou sant sa ki te gen 8 biwo ladanl.

Nan pifò sant vòt komin Dèlma yo: Ona, paviyon myèl, SMCRS, bilding 2004 elatriye tout materyèl tout moun te la nan lè ki te prevwa pou pou kòmansman an. Sèlman, sitwayen yo te chita lakay yo. Anplis operasyon pòt fèmèn an Lavalas te lanse a, la polis te pase lòd pou okenn machin piblik pa

t pran lari. Selon anpil obsèvatè, kominike la polis gen anpil konsekans sous kantite moun ki t al vote yo. A pèn 5% selon kèk obsèvatè elektoral.

Sityasyon sa a te atire atansyon obsèvatè nasyonal ak entènasyonal. Chèf sivil Misyon nasyonzini pou estabilizasyon Ayiti a (Minustah), Edi Anabi (Hédi Annabi) ki t ap vizite sant vòt nan lekòl Tiplas Kazo a bò nevè konsa nan maten, te di l remake pa gen anpil moun ki vin vote men eleksyon an ap dewoule san pa gen dezòd.

Bò kote pa li, anbasadè ameriken an nan peyi D Ayiti Janèt Àn Sanndèsonn (Janet Ann Sanderson) te fè konnen «eleksyon yo byen òganize, men mwen gen anpil kè kase pou sa ki rive nan plato santral la kote te gen vyolans. Mwen swete tout moun ki te fè jefò pou al vote, ranpli devwa sitwayen yo. Li te ki se Ayiti. Epi li swete pou yo fè kou Istwa peyi a pou nouvo kas ble sa yo.

**25 MAS:** Yon nouvo komisarya inogire nan Site Solèy. Travay sa a rive fèt gras ak finansman gouvènman Ameriken an nan kad yon pwogram ki rele Inisyativ estabilizasyon pou Ayiti (Initiative de Stabilisation pour Haiti). Travay sa a soti nan yon Bidjè 20 milyon Dola vèt. Dapre Anbasadè Janèt

**19 MAS:** Apre rezilta ankèt ILCC 2008 (ULCC) (Inite lit kont kòripsyon) t ap mennen sou ansyen direktè ONA a mesye Sandwo Jozèf (Sandro Joseph), jij enstriksyon Iv Altidò (Yves Altidor) te bay lòd arete ansyen direktè ONA (Ofis Nasyonal Asirans Vyeyès). Pi gwo repwòch ansyen direktè a te jwenn se apre l te fin achte yon machin ki te koute gwo sòm lajan epi li te peye l kach.

**23 MAS:** Polis Nasyonal la gen pou al patisipe nan misyon pou lapè nan repiblik sant Afrik ak peyi Tchad. Chèf lapolis la, Maryo Andresòl ki t ap konfime nouvèl la, fè konnen li santi li kontan epi li kòmans ap fè seleksyon pou wè ki polisye ki prale. Selon anbasadè Edwige Lalàn fè konnen nou dwe pran bon nouvèl sa a sou de fòm: se prèv pou montre prezans Nasyonzini nan peyi a se yon reyisit epi polisye sa yo se anbasadè pou premye Repiblik nwa

## Koze mande chèz



pwofite fè sonje Etazini kontribye nan wotè 4,5 milyon dola vèt nan eleksyon yo.

### KEP la konstate sitwayen yo pa al vote

Prezidan Konsèy elektoral pwovizwa a Frann Jera Vèrèt te konstate li menm tou, Ayisyen yo pa soti al jete bilten an favè kandida yo. Nan deklarasyon li bay laprès, prezidan KEP la fè konen: «popilasyon an pa vin vote an mas. Sepandan, moun ki te vin vote yo te jete bilten yo libelibè, san traka. Se yon reyisit pou nou nan KEP la ». Nimewo 1 machin electoral la te pale

konsa nan yon konferans pou laprès li te bay, yon ti kras tan aprè biwo vèt yo te fèmen pèt yo, kote l te montre satisfaksyon l pou jounen vèt la.

Si n ka kwè Vèrèt, se pati politik yo ki pa t pran inisyativ pou ankouraje moun yo ale vote. Men li pa te ka bay yo bilan sou konbyen moun ki ale nan eleksyon sa yo. N ap raple sou 78 kandida ki t ap patisipe nan kous la, gen twa ki te anonse yo fè yon kraze kite sa.

Pozisyon direktè jeneral la, Pyèlwi Opon pa depaman ak pa prezidan an: « Eleksyon yo te byen pase nou ka di nou livre machandiz la. Jounen an te byen pase ». Yon lòt kote, direktè a rekonèt gen kèk aksyon malonèt ki te rive nan plizyè biwo vèt men KEP la ap pote koreksyon nesesè nan dezyèm tou eleksyon yo ki prevwa pou fèt 7 jen pwochen Pandan direktè jeneral la t ap

konplimante bon jan konpòtman patizan Fanmi lavalas yo te gen jou eleksyon, li rekonèt gen kèk kote, eleksyon yo pa t fin byen pase tankou Plato Santral, Vèrèt nan depatman Latibonit elatriye.

Dayè, eleksyon yo te anile nan plato santral. Pandan l t ap vote nan sant vèt nan lekòl Mathurin School, prezidan konsèy la te tou anonse eleksyon pou renouvle yon pati nan Sena a anile nan Plato Santral la. « Lè nou gade sitiwayon an nan zòn nan. Lè nou fini pale avèk otorite polis yo ak lòt manm KEP nou deside anile eleksyon sa yo k ap refèt nan yon dat ki pa twò lwen ».

Malgre tout sa, te gen gwo dispozitif sekirite kite deplwaye nan peyi a pou te pèmèt eleksyon yo ki koute plis pase 16 milyon dola ameriken te byen dewoule

■  
*Ladenson Flerival*

Sandèsonn gouvènman ameriken an ap bay ekipman ak materyèl pou komisarya sa a epi l ap fòme polisye pou sèvi Site Solèy.

**3 AVRIL:** Anpil jounalis te defile nan lari Pòtoprens yon lòt ankò pou yo mande jistis pou Jan Dominik ki te tonbe anba bal moun yo pa rive konnen. 9 ane apre pa gen okenn arestasyon ki fèt.

**7 AVRIL:** Sòlda dominiken maltrete anviwon yon karantèn ayisyen yo t ap mennen tounen sou fwontyè Elyas Pinyas. Selon deklarasyon kèk nan moun yo, yo te resevwa

anpil kou nan men sòlda sa yo. (Sous Garr)

**16 AVRIL:** Sekrete deta ameriken an Ilari Wodam Klinton vizite Ayiti. Nan yon konferans li te bay nan palè Nasyona, l Madanm Klinton, montre angajman Etazini genyen pou Ayiti, dapre sa l di: nou vle pote espwa an Ayiti. Li pwomèt yon èd 287 dola vèt pou Ayiti. Poze kesyon sou moun ki san papyè nan peyi a li fè konnen gouvènman Obama a ap travay pou li ta fè moun sa yo jwenn papyè ki rele TPS (Statut de refuge temporaire). Men se moun ki te la

avan gouvènman Obama monte k ap jwenn papyè sa a.

**18 AVRIL:** Yon gwo seremoni te òganize nan lakou lopital jeneral pou remèsye doktè ki te vini nan gwo Bato lopital gouvènman ameriken (Navire-hopital du gouvernement Ameriken, USNS Confort) an ki te vin bay swen an Ayiti. Direktè jeneral lopital jeneral la: Minis Sante a, doktè Alèks Lasen remèsye misyon an epi li di se yon prèv pou montre kòman entènasyonal ap mache avèk Ayiti.

*Wozilya Franswa*

### Eske eleksyon se veritab solisyon pwoblèm Ayiti ?

*Eleksyon nan peyi demokratik yo se yon moman desizyonèl kote yon gwoup moun nan sosyete a mete ansanm pou yo chwazi yon lidè pou reprezante yo, epi fè pwogram nan benefis kolektivite a.*

Eleksyon se yon konsèp nouvo nan tradisyon politik an Ayiti. Tout moun konnen ki kalite traka ki genyen nan zafè eleksyon nan peyi a. Si memwa nou pa fè nou defo, nan prèske tout eleksyon ki fèt nan peyi toujou gen san ki koule ak anpil pawòl vyolans.

Lè nou konnen plizyè eleksyon ki òganize deja ki pa pote okenn chanjman nan peyi a; revandikasyon mas pèp la pa janm satisfè, se menm kondisyon yo toupatou. Èske nou kapab di eleksyon se veritab solisyon pwoblèm peyi a jan anpil moun rete kwè l. Sepandan, nou kapab di tou eleksyon paka pote okenn gran chanjman nan sitiyasyon peyi a. Piske nou konnen se yon mwayen pou enplike popilasyon an nan chwa moun ki pou reprezante l nan plizyè nivo e se yon fason tou pou yo deside nan desten politik peyi a. Pi gran pwoblèm ki genyen sou kesyon sa sèke pèp pa genyen fòmasyon sou zafè eleksyon, enpòtans li genyen nan avni peyi a, ak ki jan moun chwazi lidè pou vote nan eleksyon pou nou rive konstri yon sosyete kote chak moun konnen dwa ak devwa yo.

Men nou rete kwè, menm si eleksyon ta fè regilyèman nan peyi a jan sa prevwa nan konstitisyon an, sa papab pa pote okenn chanjman nan pil pwoblèm peyi a ap travèse e ki ap ogmante chak jou ki jou. Nan yon sans, nou pa opoze ak moun ki kwè eleksyon se yon faktè ou dimwens

yon eleman enpòtan nan pwosesis chanjman, men nou plis kwè sa gen pou wè ak jak grenn moun k ap viv nan peyi a; ki li se ayisyen oubyen etanje.

Istoryen y defini *nasyon* tankou yon gwoup moun kap viv sou menm tèritwa, ki gen yon drapo pou anblèm epi yon objektif konnen oubyen yon enterè komen. Nou kwè pi gwo pwoblèm peyi a se enterè komen an ki pa egziste oubyen ki pa konsidere. Lè ou konnen sa ki nan tèt anpil moun nan peyi ki deklare tèt yo kandida, nou pa bezwen bay twòp detay paske ou menm tou si w ta kandida ou konnen kisa ki t ap entèrese w ou motive ou plis.

Anpil moun konnen deja politik se yon mwayen pou nèg ka gen pouvwa pou yo regle zafè yo, fè anpil lajan, epi chanje pozisyon sosyal yo, e ta sanble se rezon sa ki fè pa janm ka gen yon klas politik an Ayiti, paske chak moun se zafè pèsònèl yo y ap regle.

Nan yon sitiyasyon parèy èske moun k ap viv sou ti bout tè sa ka konte sou eleksyon, nan kèlke swa nivo a. Sitou lè nou wè pou yon sèl pòs presidan nan eleksyon pase yon nou te gen plis pase 50 kandida. Epi si nou ta pran tan pou etidye dosye tout kandida yo, nou t ap rann nou kont gen yon bann ladan yo ki pa menm ka reprezante pwòp tèt pa yo ale wè pou yon kolektivite ; sa ki pi tris sèke se yo ki toujou pase nan eleksyon yo pou enfliyans yo oubyen pou gwo vwa yo genyen pou enpresyone moun, epi ofon yo pa gen okenn konpetans.

Anplis lè nou tande kantite kòb ki debloke pou zafè eleksyon ki prevwa pou fèt, pandan kondisyon lavi moun toupatou nan peyi a trè kritik, mete ak gwo menas ki genyen sou do peyi sa. Eske eleksyon se pa yon mwayen tou pou anrichi yon gwoup moun nan pouvwa a, piske se yon manmèl tout moun bezwen souse pou yo ale.

Grand kesyon n ap poze : èske peyi a vrèman se eleksyon ki pou fèt chak fwa pou bay chak nèg fè yon kout pou nou ka gen chanjman nan peyi a, oubyen bati yon plan pou devlopman dirab, fè bon jan investisman nan enfrastruktir, edikasyon, sante, sekirite, agrikilti elatriye. Sa ta vle di eleksyon pa t ap yon pretèks pou jistifye gwo sòm lajan k ap fè fon, pandan prensipal peyi a vizib nan je tout moun, ki se pwoblèm anviwònman e se yon wont menm sou plan entènasyonal.

Se vre eleksyon se prèv demokrasi, men tou fòk gen bon jan kondisyon pou apeze misè mas la ki se grand majorite ki bay pouvwa a.

San dout se rezon sa yo ak yon bann lòt ankò malgre sou eleksyon sou eleksyon yon ka nan pwoblèm Ayiti pa janm touche, sa vini veritab pretèks pou jwe sou entelijans popilasyon. Sa pou rete kwè lidè politik ayisyen p ap janm regle anyen ki pi serye si pa jwenn okenn egzijans ni presyon nan men popilasyon an.

Nou kwè chak grenn ayisyen konsekan ta dwe pran tan pou reflechi sou kesyon sa e pran responsablite yo pou bay peyi a yon lòt imaj. Sa se responsablite nou tout.

**Wadneri26@yahoo.fr**  
**Wadneri26@yahoo.fr**

### Fabyèn Kola fè pwomosyon kilti ak sinema Ayisyen

*Jounal la ap prezante lektè yo Fabyèn Kola, yon fanm ki aktris sinema a, k ap travay anpil pou kilti peyi a ale pi lwen. Ministè fanm te kontan pou sa li bay Fabyèn yon prim.*

Fabyèn Kola fèt Pòtoprens, Ayiti. Li fè etid primè ak segondè li Kolèj Mariyann (College Marie-Anne). Aprè etid segondè, li etidye Diplomasi, Pwotokòl, Relasyon piblik, Relasyon zimèn, Entreprenarya ak Espayòl. Tou piti Madan Kola te jwe teyat epi danse. Nan laj 16 lane, li te kòmanse defile kòm mènken lakay Madan Magali Rasin (Magalie Racine) nan Akademi Pèfeksyon. Madan Fabyèn Kola te anrejistre plizyè piblisite pou Radyo ak Televizyon. Madan Kola te nome “Miss Haiti 2000” nan objektif pou reprezante Ayiti nan konkou bote ki t ap fèt nan peyi etranje “**Miss West Indies Pagent**” nan Sen Maten (Saint-Martin), Fevriye 2000. Li te soti 3 e sou 20 peyi nan Karayib la. Epi madan Fabyèn Kola gen yon fondasyon ki rele Fondasyon Fabyèn Kola ki fè pwomosyon pou kilti ak sinema ayisyen nan peyi d Ayiti tankou nan peyi etranje.



**Ministè kondisyon fanm ak dwa fanm te bay Fabyèn Kola yon prim pou jefò ak detèminasyon li kòm fanm k ap fè yon travay serye.**

Anyès Franswa (Anièce François) ki t ap dirije seremoni an deklare aktivite a fèt nan politik pwomosyon travay fanm yo, yon lide ministè a ap soutni nan sosyete a. Nan okazyon sa a minis kondisyon fanm nan Madan Mari Lorans Joslen Lasèg te pwofite remèsye anpil moun tankou: Nis Simon, Nadèj Tèlfò, Katrin Ibè fanm sila yo nan sinema. Epi Miryèl Lekont ki te abiye Belo prix RFI 2006 la, Ivwoz Moyiz fanm si la yo ap evolye nan mòd ak kouti. Epi Anòl Antonen, Rawoul Pèk, Jimi Jan Lwi gason k ap sipòte batay pou egalite fanm ak gason nan sosyete a. Anplis ki montre angajman yo tou nan plas yo bay fanm yo nan sinema yo.

Fabyèn Kola bò kote pa li te resevwa prim nan ak anpil jwa, epi di gwo jès sa a ap bay li plis kouraj pou li kapab fè pi plis jefò chak jou. Epi li te remèsye tout moun ki te louvri pòt pou li kapab evolye nan sektè sinema a.

Fabyèn Kola te pran prim Tikè dò (Ticket D'or) meyè aktris jiyè 2003 (Haiti). Epi li te patisipe nan **Pè Toma** nan mwa jen 2000 ak desanm 2001, nan **Bouki nan Paradi** (desanm 2001) lon metraj ayisyen, li te jwe dezyèm wòl ladan li epi li te pran non Klèmiz, Rafayèl Estin te reyalizatè fim la epi Jonatan Dem, Pite Saraf te pwodwi li.

Li jwe nan Watatataw telewoman kebekwa (1 wòl: Chali) yon pwodiksyon Radyo Kanada (Radio Canada). Pwofon regrè (profonds/regrets) lon metraj Ayisyen (1 e wòl / aktris prensipal: Winodya) reyalizasyon; Mora Jinyò Etyèn (Mora Junior Etienne) Pwodiksyon: Ini vè Sinema pwodiksyon (Unis vers Cinéma Production Inc.). Tu ne convoiteras pas la femme de ton prochain li te jwe 1 e wòl ladan 1 kòm aktris prensipal ak pou non Frederik (Frédéric), reyalizatè Jan-Aliks Emand (Jean –Alix Hoemand) se kèk pami tout fim li te jwe.

**Jan Kamèl Lano**

## La fanmi an danje an Ayiti!

*Anpil moun panse pwoblèm sosyete a ap fè fas jounen jodi a se rezilta move fason fanmi yo fonksyone. Rapò yo chanje nan mitan manm fanmi yo, souvan se moun ki gen lajan an ki se sèl kòk chante. Kèk paran pèdi otorite yo nan kay la paske pouvwa ekonomik la pa nan men yo. Mete sou tout sa majorite fanmi yo gen yon sèl paran, pi souvan se manman an poukont li ki fè levasyon timoun yo. Yon sityasyon ki gen gwo konsekans sou sosyete a.*



Sosyete a ap vanse anpil, gen yon seri abitid ki antre nan institisyon tradisyonèl yo, tankou lekòl ak la fanmi. Nou konstate gen gwo chanjman nan sosyete pa nou an ki vini sibi infliyans lòt peyi. Sitou sa ki soti nan pyi Loksidan yo, sitou valè ameriken yo. Sa fè yon eklatman nan sans sa a. Nou pa dwe bliye tou pwoblèm lamizè ki lakoz depasman manm fanmi pou ale hache lavi nan Pòtoprens oubyen Lòtbò

dlo tankou Sen Domeng, Kiba Etazini etc.

Konsekans eklatman fanmi tradisyonel la sou peyi a nou wè l chak jou. Moun kap mouri, vòl, vyòl elatriye. Timoun yo grandi san valè moral, yo pa gen moun kap rele dèyè yo, yo pase pifò tan yo nan lari ak lòt zanmi ki mennen yo nan move zafè olye yo ale lekòl. Tout bagay sa yo montre enpotans fanmi nan yon sosyete.

### Kisa Fanmi an ye ?

Pou diksyonnè Kreyòl Vilsen, Fanmi se moun ki pataje estòk jenetik. Oubyen moun ki gen relasyon youn ak lòt, swa kot manman, swa kot papa. Pou diksyonnè Wikipedia, fanmi an se kominote ki anndan l papa ak manman avèk pitit yo, li ka gen yon seri lòt moun ki lye ansanm, manm yo genyen

obligasyon jiridik ak moral pou youn ede lòt. Se yon bagay ki egziste nan tout sosyete sou tè sila a. Lè se manman ak papa, plis timoun yo, se sa yo rele fanmi nikleyè. Men nou jwenn fanmi sa yo anpil nan klas ki pi favorize yo. Se nan fanmi an timoun nan jwenn premye règ sosyal yo, se la repwodiksyon sosyete a fèt tou. Nou ka wè enpòtans fanmi an genyen sou sosyete a paske yo marande youn ak lòt.

En Ayiti, sitou nan pwovens yo, nou pale plis de fanmi elaji, ki gen ladan l moun ki pre, kouzen/kouzin, matant, tonton, moun ki rete nan vwazinaj yo elatriye. Se sa anpil moun rele lakou yo. Moun sa yo, gen wòl pou voye je sou timoun kap grandi yo, aprann yo travay nan jaden, ou byen montre yo leson lè timoun yo ale lekòl.



**OU GEN YON IJANS  
OU BEZWEN YON ANBILANS!!  
YON DOKTÈ !!**

**TEL INFO**

**\*406 / 2-414-0606 / 2-514-0606**

**OU BEZWEN ENFÒMASYON !!  
KI KOTE W AP JWENN PWODI SA  
OUBYEN SÈVIS SAA  
OU BEZWEN KOUNYEYA ?**

**TEL INFO**

**\*406 / 2-414-0606 / 2-514-0606  
PLIS PASE YON ANYÈ**

Gen anpil moun ki panse la fanmi nan peyi a an danje paske moun yo plis viv pou kont yo. Pou Wobennsonn Pyè (Robinson Pierre), yon fotograf kap ki gen twa pitit ak madanm li, « fanmi an Ayiti pran yon lòt dimansyon. Pwolèm ekonomik, politik ak sosyal yo chanje fason fanmi te konn fonksyone lontan ». Selon sa li di : « Nou wè respè ki te egziste nan mitan fanmi yo ap disparèt. Nan tout konstasyon mwen fè montre m gen anpil valè ki pèdi. ». Pou li, lontan lè yon jèn fi ap soti, li oblije di manman l kote li prale, « men kounye a se pa sa ki fèt ti moun nan konn pa menm di fanmi l kote yo prale. Pèson pa ka mande l kont ». Anpil rezon eksplike mank respè sa, paran yo ki vini pi pòv, se jèn kap rantre lajan nan kay la ki gen tout pouvwa. Pafwa se li ki bay manje paran blije bouche je pou bwè dlo santi. Sa valab pou ti gason yo tou, menm si genyen ki nan move zafè yo pa denonse yo, yo kache fèy kouvri sa. *Rad sal lave an fanmi.*

Bò kote pal, Kalo Jesnè (Carlo Gesner), ki se yon bòs mason, panse fòk Leta ta di yon mo nan bagay sa yo pou ede fanmi yo paske depi paran pa gen lajan li pa ka bay lòd pèson pap tande l. Li delare : « mwen te konnen yon mekanisyon ki

tap travay di fè ledikasyon twa pitit fi li te genyen. Li te senbòl respè. Li vin pèdi djòb li, yo pa pran l pou po patat. Kounye a mouche a lage nan bwè tafya paske li santi l pap viv ankò », se sa li ajoute pi lwen. « Lè timoun nan byen grandi, li gen prensip se leta ki benefisye.

Gen lòt konsiderasyon n ta ka fè tou. Gen yon evolisyon ki fèt nan lespri moun. Anpil etranje ki soti nan peyi lòt bò dlo, lè yo vin fè vakans yo pote lòt vale. Yo fè pwomosyon pou paran pa bat timoun. Prensip ki depaman ak sa kit e konn fèt nan sosyete a.

Pou Gérard. D, yon lisensye nan sosyoloji, eta fanmi an montre eta sosyete a. Li di konsa : « Gen anpil bagay kap fèt kounye a, nou pat konn wè yo nan tan lontan paske fanmi yo te fò, yo te bay timoun yo prensip respè lòd ak diyite. Sa te pèmèt timoun yo te gen yon modèl men kounye a pa gen sa paske tout bagay sa yo kraze ». Sa montre, daprè limenm yon mank grav ki genyen nan sosyete a ki fè peyi a vini sibi pwa pwoblèm ki vini poze ladan l san moun paka chanje anyen nan sitiyasyon grav la.

### Fanmi pwovens yo frape

« Gen yon seri bagay nou te konn jwenn nan fanmi andeyò yo ki koumanse pèdi. Pa gen

respè timoun pou granmoun, madanm pa respekte mari ankò. Sa rive paske gen anpil timoun ki oblije al nan vil yo pou yo al rapouswiv etid yo. Pil valè sa yo pèdi paske sistèm lakou yo ki te enpòtan koumanse kraze ». Se pawòl yon chofè machin. Li te twouve se yon bagay ki tris anpil, lè jèn yo pase yo pa salye grandèt yo. Li fè sonje listwa pal kote yon pèsonaj te fwete l paske, li tap fè dezòd. Li pran de baton paske manman l bat li tou. Li ajoute pou li di « kounye a si ou ta ale kale yon ti moun andeyò kap fè sak pa sa, ou gen chans pou jwenn tout rès fanmi an leve kont ou paske bagay yo chanje ».

Gen anpil bagay kap devlope nan pwovens kounye a ki pa tap posib lontan. Ti moun yo grandi san prezans granmoun yo, ki pase lajounen deyò pou ale chache la manjay pou pote lakay. Youn nan bagay ki pi grav se jèn fi yo ki ansent anvan lè. Nou vini genyen yon seri timoun ki poko menm pare pou yo viv men yo vini granmoun anvan lè, yo pa menm konnen ki jan pou yo leve timoun sa yo tou ki vini grandi tankou pitimi san gaddò. Yo sitire yo anpil, tout sa patisipe nan valè ki fini kraze. Imaj ou te genyen de pwovins yo chanje anpil, nan rapò moun ak moun. ■




# Manman Lasajès

*Yon limyè k ap klere tou patou, gen moun ki di se lapousyè  
 Limyè sa a sanble yon zetwal filant.  
 Se chak fen mwa d me, nan dènye dimanch lan.  
 Lè ou wè yon sin parèy se yon fè enpòtan li vin anonse.  
 Sa vle fè wè gen yon evènman serye k ap pwodwi  
 non lwen kote li parèt la.  
 Silans, silans, mwen mande yon ti silans.  
 Mwen tande yon vwa k ap klewonnen  
 Yon bann koze ann prete l espri n pou n chita tande l.*

**Manman lasajès  
 Ou se yon bèl nègès  
 Ki gen anpil karès  
 Nan fon kè ou plen grenn tristès  
 Endijès ki vle fè ou pèdi richès  
 Men ou se vrèman yon nègès  
 Ki konn fè piwèt  
 Pou ou peye dèt  
 Ou konble ak finès.  
 Manman la sajès  
 Ou se yon vyeyès  
 Ki san parès,  
 Men ou kwense ak feblès  
 Tout sa ou di se yès.  
 Manman lasajès  
 Ou pa yon milatrès  
 Ou se yon bèl nègès  
 Ou chame tout pitit ou ak tandrès.  
 Manman dolorès  
 Anti move mès  
 Fòtrès la jenès  
 Ou se yon pyès metrès...**

**Manman, mwen pap fè ou pwomès  
 ti flè sa a ou konn pou kiyès  
 Se yon premye jès.  
 Manman bèl amou  
 Ou gen anpil gou  
 Anba bèl moumou ou  
 Ou se sèl marabou,  
 ki konn manniganse lanmou,  
 Pou fè lavi mache kon chen fou.  
 Ak pawòl nan bouch ou  
 ou ka fè tout moun dou,  
 manman vrèman ou s on ragou.  
 Menm si lanfè anmè kou fyèl  
 Ou pa bezwen fiyèl pou ou tire batwèl  
 Ou pi dous pase grenn siwèl  
 Ou gen mwèl e ou gen bon jan myèl  
 Ou pi bèl pase lakansyèl  
 Ki nan syèl.  
 Manman makawon  
 Tankou manman santi bon  
 Manman rich  
 Tankou manman san yon penich**



Sitiyasyon ekonomik pwojè a fòse nou monte pri jounal la yon ti kras  
 depi janvyè 2009

Pri yon jounal pou ane 2009 : si ou vin pran l nan Bon Nouvèl,  
 ou byen si ou achte l nan men yon revandè : 10 goud  
 Pri abònman pou 2009

An Ayiti :

1 abònman rive 50 (pou 1 ane ) 100 goud pou chak abònman  
 51 pou rive 100 abònman : 90 goud pou chak abònman  
 101 pou rive 250 : 80 goud pou chak abònman  
 250 pou rive plis : 65 goud pou chak abònman  
 1 Abònman pa lapòs : Pòtoprens : 250 goud  
 An pwovens : 300 goud

Pou peyi Etranje : Ozetazini : 1 abònman : 30 \$ US  
 Ewòp : 1 abònman : 40 \$ US

**Manman djanm  
 Tankou manman san nanm  
 Manman nwè  
 Tankou manman tout koulè  
 Mwen koube m tankou yon prèt  
 Pou m di nou bòn fèt**

*Rénald Dimanche*



**31 me 2009. Fèt manman yo !  
 Bon Nouvèl swete tout manman pitit  
 nan peyi dayiti  
 "Bòn Fèt" !**

## Petank yon nouvo espò antre nan peyi a



Malgre jan espò a ap mache nan peyi a, malgre tout peripesi jwè ap rankontre ni kote volebòl, baskètbòl,

foutbòl, tenis sa pa anpeche gen ayisyen k ap fè tout sa yo konnen pou wè kijan yo ta fè jèn yo fè konesans ak lòt disiplin toujou. Petank (Pétanque) se yon disiplin spòtif ki jwé sou tout teren tou sinpleman fok teren an se yon teren ki plat, fòm yon rektang ki mezire 15 mètr sou 4

Li jwé an triplèt (3x3), an doublèt (2x2), epi an tèt a tèt (1x1). An triplèt chak jwè ap gen 2 boul nan men yo, an doublèt avèk an tèt a tèt chak jwè ap gen 3 boul nan men yo. Pou match la komanse yon tirag o sò ki fèt, sa ki genyen an pral lanse yon ti boul ki pi piti pase tout lòt boul yo ki rele **BIT (BUT)**, epi lòt

ekip la pral lanse gro boul pal la, jiskaske tou le 2 ekip yo fin lanse tout boul yo, pou pa ret boul nan men pèsòn, sa vle di 12 boul yo ap atè. Plis ti boul piti a ki se pwen de repè a.

Objektif jwèt pétanque la se pwoche pi prè de ti boul piti a (bit la). Konsa lè tout boul atè abit la pral konte pwen poul wè kilès ki pi prè ti boul piti a. Boul ki pi prè a se li ki genyen jwèt la.

Aktivite pou 2009 la : yon envitasyon pou peyi Almay pou seleksyon ki pi jèn yo ak timoun ki pi piti yo nòmman ekip sa yo dwe kite peyi a 2 jen 2009,



pou yo al patisipe nan 3èm Entè Kep Petank pou kategori Jinyò ak Espwa (**3eme Inter-Cup Pétanque**). Ayiti gen tan manm federasyon Entènasyonel Petank ak jwèt Pwovensyal (**Fédération International de Pétanque et Jeu Provençal (FIPJP)**), pami 96 peyi ki nan federasyon Entènasyonel la Ayiti klase nan 36èm pozisyon nan lis la. ■



Nelson Jean Edouard

Wozilya Franswa



### Foutbòl

### Ki preparasyon! Pouki seleksyon ?

Aprè de zan, kisa k fèt pou modènize foutbòl ayisyen an ? Yon moun pa kapab bliye tout bèl bagay seleksyon ayisyèn nan te reyalize sou rèy antrenè Kiben Lwis Amelyo Gasya (Luis Amelio Garcia) pandan tout lane 2007 la. Nou te rive chanpyon sou Trinidad lakay Trinidad nan Dijisèl Karibeyann Kèp, nou te rive kale anpil ekip ki gen gwo non nan kesyon foutbòl tankou Panama nou te kale 13-0, 24 mas


2007 nan lakou miyami (Miami), Kostarika nou te bat li lakay li, Honndiras (Honduras) elatriye .

#### Fò n panse yon lòt jan.

Ki bon jan travay dirijan yo fè pou seleksyon nasyon la bay ranman pèp ayisyen ap tann nan? Ki bon lekòl foutbòl ki genyen anndan peyi a menm jan ak Lafrans, Lespay, Lajantin ak Brezil pou bay jèn gason ak tout jèn fanm nou yo bon jan

fòmasyon nan domèn sa a ki reyini anpil moun ak anpil gwo lajan ? Eske chak grenn ayisyen pa ta dwe pran konsyans epi poze tèt nou kesyon, kòman fè foutbòl ayisyen an se sa l tounen pandan endistri foutbòl la ap vanse ? Antouka, si n pa degaje n panse yon lòt jan, pou pèmèt nou jwenn tren foutbòl mondyal la, pou kapab refè 1974, se nan televizyon n ap chita gade tout gwo randevou foutbòl yo.

## Paj pou jèn yo



Li lè, li tan pou n sispann pale sèlman sou Mesi, Wonaldinyo, Wonaldo, Alvès elatriye men pale pito sou Genmli, Petèsou, Tiga, Bousiko elatriye. Li lè li tan tou pou sektè prive a sispann investi nan koup kòmilfo kote nou wè anpil enstitisyon leta tankou

ONA, APN ap bay jarèt ak lide ki ap detwi foutbòl nasyonal la, men pou sektè prive a fè bon jan investisman nan konstwi bon estad ak bon lekòl foutbòl pou fòmasyon jèn fanm ak gason, dapre sa anpil moun di.

*Rikado Ilis*

## Anpil moun, men pa ase kay pou popilasyon Pòtoprens

Zòn Lali tou pre ri Woben, bò Kolèj Kanado, bò simetyè, ri Monseyè Giyou, ri Kapwa, Delma 37, se kèk kote mesye koutye yo kanpe baz yo. Kantite koutye yo chak jou ap ogmante malgre kay yo jiskaprezan pa kapab satisfè demand popilasyon an « Pou m kapab deplase pou m al montre yon kliyan yon kay, li sipoze ban m 300 goud, epi 5 pou 100 nan lajan li peye mèt kay la, m gen 2 kay nan Delma 32 ki sou responsabilite m ki nan pri 80000 goud, 90000 goud, kay ki gen 2 chanm pou kouche epi yon salon, salamanje, yon twalèt, yon kwizin, yon pakin », yon koutye Delma 37 te deklare. Yon koutye ki te nan menm baz la di « M gen kay ki nan 4000 dola ameriken zòn Delma 41 pi ba otèl “Le Chandelier”, men majorite moun ki vini pa menm vle tande zafè

kòb ameriken sila, m di li jan mèt kay la ban m pri a. Kolej Kanado, se preske menm deklarasyon malgre yo pa tou pre.

Aliks t ap pale «Dat kay mwen bout depi 3 mwa m gen 5 mwa m ap chèche yon kay m pa kapab jwenn. Sa m jwenn yo chè epi tou sa yo ki mezi lajan m nan pa gen kondisyon liyèn epi kòb mèt kay yo mande yo a twò chè pou eta yo. Souvan m fè kòlè ak koutye yo pou tèt kay yo ki pa gen okenn estrikti. Kay ki koule, ki nan fè nwa, ki pa gen dlo, kouran, twalèt epi lòt”.

Selon Jaklin, “mesye koutye yo se sèl grannèg yo kapab bay kay, malere yo pa nan batay, m se yon manman ki gen 3 pitit sou bra m, m ap peye 2 ti chanm kay ravin pentad pou 5000 goud m gen 2 mwa m ap chèche m fin dekouraje, m pa konnen ki lè m

ap rete nan yon bon kay. Pa jwenn kay la gen rasin li nan zafè santralizasyon prèske tout richès peyi a nan Pòtoprens sa yo rele repiblik Pòtoprens la. Santralizasyon sila pra l fè li gen yon popilasyon ki rive 2.041.400 li 11 fwa pi gwo dezyèm vil peyi a, Okap gen 186.250 moun rete ladann li, selon rezilta resansman 2003 Enstiti Ayisyen Estatistik ak Enfòmasyon (Institut Haïtien Statistique et Informatique / IHSI) te fè. Se lamizè k ap gaye kò li nan milye riral yo ki kapab fé nou konprann ogmantasyon popilasyon an nan Pòtoprens. Rejyon yo, kolektivite yo, seksyon kominal yo dwe pran desten yo nan men epi se yo ki pou jere li, si se pa sa nou fenk kòmanse pale sou zafè pa jwenn kay, te deklare yon sitwayen.



## Yon memwa sou 15 nan mereng Boukman Eksperyans

*Pou kòmansman ane 2009 la, aprè Nelson Matino, Kendson'n Danjou se etidyan ki vin ogmante lis (6) memwa lisans sou kreyòl ki te soutni yon sèl kou nan Fakilte Lengwistik Aplike nan okazyon selebrasyon kenzen kreyolofoni 2008 la.*

«**Analyse sémiotique et pragmatique des textes de chansons de carnaval de Boukman Eksperyans de 1990 à 2007**» se tit yon memwa lisans etidyan Kendson'n DANJOU soutni jedi 19 mas 2009 la nan Fakilte Lengwistik Aplike, Inivèsite Leta d'Ayiti sou direksyon Pwofesè Reno GOVEN ak sipò teknik e finansye Fondasyon Jera Pyè Chal.

Se nan yon sal chaje ak etidyan e kèk pwofesè epi jiri soutnans lan, ki genyen ladan l Pwofesè Pyè VENE, Dwayen Fakilte lengwistik Aplike, Pwofesè Wesnè MERAN, Vis Dwayen Zafè akademik ak pwofesè Reno GOVEN, Etidyan an ekspoze travay rechèch la epi reponn divès kesyon manm jiri yo ak kèk etidyan nan piblik la.

Memwa sa a te soutni an prezans Théodore Beaubrun Jr (Lòlò) ki se chantè prensipal Boukman eksperyans epi yon reprezantan Fondasyon Jera Pyè Chal. Se yon travay rechèch syantifik ki chita sou tèks yo kòm estrikti. Memwa lisans sa a pa touche aspè pwozodi ak kèk karakteristik chanson kòm jan literè. Kendson'n DANJOU te itilize de (2) tip analiz pou li reyalize travay sa a. Yon analiz semyotizant ki pèmèt li etidye deyiktik aktansyèl (pwonon), espasyal ak tanporèl. Deyiktik sa yo se yon seri mo osinon ekspresyon ki

endike enonsyatè a, espas ak tan andedan tèks yo. Selon enpetran an, yon etid sou deyiktik aktansyèl yo kapab montre aklè nivo enplikasyon Boukman Eksperyans kòm otè / enonsyatè nan tèks li ekri yo.

Kenz (15) nan mereng Boukman Eksperyans (sòti nan ane 1990 pou rive 2007) sa yo konsidere kòm diskou piske yo genyen rapò ak yon sitistasyon kominikasyon byen espesifik. Deyiktik aktansyèl yo, yo menm, pèmèt ou wè moun k'ap pale andedan tèks yo. Parekzanp, nan yon mereng otè a di: «...*se chante, m'ap chante, nèg yo atake mwen... Yo voye m mete lòd, nèg yo vle touye mwen ...*» (Gran bwa, 1991). Etid deyiktik aktansyèl sa a (mwen) montre nou otè a (Boukman Eksperyans) konsidere tèt li, si nou kwè M. DANJOU, kòm yon moun yon lespri ki genyen anpil pouvwa voye vin mete lòd. Nan ka sa a otè a (Boukman Eksperyans) ta vle fè tèt li pase pou yon chèf. Pou espas la menm, li rasanble yon ansanm mikwo-espas ki fòme yon makwo-espas ki se Ayiti. Se sa nou ta kapab rele *espas diskisif* la. Se ka pou «*Depi bwa kayiman, n'ap chèche libète...*» (Pawòl tafya, 1998).

Dezyèm tip analiz ki pèmèt memwa lisans lan reyalize se analiz pragmatik la. Nan nivo pragmatik Kendson'n DANJOU etidye depandans sans tèks yo parapò ak kontèks ki chita sou enplisit, presipoze epi twop (ki se yon mo oubyen ekspresyon ki pran yon valè semantik nan yon kontèks e nan yon kilti byen detemine). Travay analiz la pèmèt enpetran an debouche sou twa gwo ipewonim (tèm jenerik) lè li

rasanble tout 15 mereng yo : **revòl / Revolisyon, denonsyasyon ak Pwomosyon pou linite**. « *Yo ban mwen chay la pote, m' pa ka pote l ...* » (Kè m pa sote, 1990), « *Ki mele dada m, ban m bweson mwen. Pawòl tafya !* » (Pawòl tafya, 1998) : Se kèk nan tèks ki ekspriye dominasyon. Men analiz la montre genyen tèks tou ki fè pwomosyon pou linite : « *Bòn pou n mete... anpil kanal pou n' trase...* » (Giyon dyòl bòkyè, 1999), « *Nou se uimilyon bouch, dekilakyèl yon ti bouch ...* » (tèt kolokolo, 2001), «... *Zansèt nou yo te goumen pou nou pat janm restav moun, nou te bat lame Napoleyon...* » (K+K= 2 K, 2003).

Etidyan Kendsonn DANJOU te travay tou sou aspè lengwistik tèks yo nan memwa li a. Etidyan pwomosyon *Nirvah Jean Jacques* la (2003-2007) eseye montre estrateji lengwistik Boukman Eksperyans itilize pou konpoze tèks yo. Pami estrateji sa yo nou jwenn *Inite Leksikal Nouvèl* (ILN), *reyaktivasyon sans*, elatriye. Kidonk, estrateji sa yo se itilizasyon nouvo mo osinon mo ki vin pran lòt sans lè li rankontre ak yon lòt. Nou j w e n n : **D e c h i m e r i z e** (Prefiks+Rasin+sifiks) ; **Manje ranje** (N+V) ; **Rache pwèl** (V+N). Si nou ta eseye chèche sans « **rache pwèl** » nou pa ta kapab di la a se « aksyon rache ». Se ta pito vye machin k'ap fè trafik nan platosantral, Ayiti. Antouka pou yon ekspresyon konsa, kontèks tèks la fè nou wè se pito yon bagay ki fèt nan magouy. (*Eleksyon rache pwèl nan pwostititsyon...*), (Giyon dyòl bòkyè, 1999).

## Paj jèn yo

Nan travay syantifik sa a sou 15 mereng Boukman Eksperyans yo, enpetran an montre tou kijan distribisyon lengwistik la (kreyòl, franse, anglè) fonksyone nan tèks yo. Selon M. DANJOU, kanmèm genyen altènans kodik (Mo yo pran nan yon lang epi itilize li nan estrikti yon lòt lang). Tout tèks yo se an kreyòl yo ye. Men genyen kèk grenn mo franse ak anglè nou jwenn tou. Se ka pou : *Votez-moi, Donnez-moi s'il vous plaît le pouvoir, vous aurez électricité 48h / 24h.* Genyen tou : *feeling, watch out, freedom fighters, kidnapping...* Analiz Kendson'n DANJOU a ta fè wè se politisyen ki ta plis itilize franse pou ta twonpe pèp la nan peryòd

eleksyon. Alòske, anglè a ta sèvi pito pou mete plis rit nan tèks yo.

Kendson'n DANJOU panse Boukman Eksperyans t'ap rate misyon li si li pa te itilize kreyòl la ki se lang tout ayisyen pale. Paske gwoup rasin nan sèvi ak mo oubyen ekspresyon ki nan reyalyte ayisyen yo. Epi se lang matènèl ak ofisyèl pèp ayisyen an. Enpetran an pwopoze, pou li fini, pou tèks Boukman Eksperyans yo ta itilize nan ansèyman literati nan sistèm edikatif ayisyen an. Mereng yo kapab sèvi dokiman otantik (ki pa te ekri pou fè kou) pou anseye plizyè aspè nan lang kreyòl la pandan aprenan yo ap rete ankontak ak reyalyte yo. Etidyan Kendson'n

DANJOU pwopoze tou pou yo ta kreye yon achiv pou konsève tip tèks sa yo ki, selon li, genyen anpil richès.

Nan fen soutnans lan, Pwofesè Pyè vènè, Dwayen Fakilte lengwistik Aplike a, ki te prezidan manm jiri a, te declare etidyan Kendson'n DANJOU lisansye nan Lengwistik Aplike ak masyon byen (80/100). Antouka, diplòm lisans, rete youn nan diplòm nan inivèsite a, awogans pa kapab bay. Se sèlman nan fè bon jan rechèch yon etidyan kapab dekwoche li.

Batoli Pyè Lwi  
Lisansye nan Lengwistik

## Orevwa Dayàn



*“Letènèl bay,  
Letènèl pran  
se pou non li beni”*

Se fraz sa a ak foto Madanm Pitèli Bazlè (Petterly Bazelais) ki rele tou Gilèn Eksèn

(Guirlène Exerné) men tout moun konnen l sou non Dayàn, nou te wè nan yon ti kat ki nan men chak grenn moun jou ki te 9 avril 2009 la nan legliz Senpyè nan Petyonvil. Moun sa yo te vin di Dayàn yon dènye orevwa.

Dayàn fèt premye Out 1980 li mouri 3 avril ak yon gwo maltèt. Li mouri kite yon pitit gason ki genyen sèlman 5 mwa. Li te jwenn non Dayàn nan premye feyton kote li jwe yon wòl nan twoup pè Toma. Feyton an te pote non an. Se yon feyton ki toujou ap pase nan nan televizyon Nasyonal.

Jounal Bon Nouvèl koube l byen ba devan jèn madanm sa a ki pati byen Bonè. Se pou nanm li repoze anpè





## Pawòl Bondye, yon pwojè pou lavi

### Dlo se sous lavi



Zanmi Lekti kominotè Bib yo REBA salye nou tout, e l ap envite nou kontinye reflechi ak li sou Tèm: Pwoteje anviwònman se pwoteje Lavi. Nou rive nan senkyèm selebrasyon an. Tèm pou nou jounen sa a se : **Dlo se sous Lavi.**

**Anvan elebrasyon an :** Moun ki pare selebrasyon an dwe pare tout bagay sou yon tapi atè. Nan mitan an gen yon veso ak dlo. Tout alantou l gen ti plant ki gen flè.

#### 1. Akèy :

*-Animasyon. Moun ki pare selebrasyon an, di yon mo byenvini.*

*-Yo fè lapriyè Lesprisen an pou li ede n konprann Pawòl Bondye a pi byen epi pou li ede nou pran angajman nou nan pwoteje anviwònman an.*

*-Li fè moun yo sonje sou kisa nou te pale jou anvan yo. Ki senbòl nou te genyen.*

*-Li fè moun yo repete gran tèm nan :*

**“Pwoteje anviwònman an se pwoteje Lavi”**

#### 2. Bondye pale nan lavi nou :

**a. Senbòl:** yon veso ak dlo ladan l ki antoure ak plant.

#### Kesyon :

- Ki wòl dlo jwe nan lavi nou?
- Ki esperyans nou fè ak dlo ?
- Kilè nou pa ka jwenn dlo ? Poukisa ?
- Ki wòl dlo a jwe nan anviwònman an ?

**b.Pwovèb :** Ki pwovèb nou konnen sou dlo ?

-Lè ou gen bèl sous ou pa koupe pyebwa nan tèt li.

-Lawouze fè banda toutotan solèy pa leve.

-Mefye dlo k ap dòmi

-Pwason te fè dlo konfyans men se dlo ki kwit li.

Tire kont : TIM TIM bwa chèch:

-Mwen nan mitan dlo, m pa mouye.

#### 3. Bondye pale nan bib la

**Lekti levanjil : Jan 4,1-16**

-Ki moun ki parèt nan tèks sa a ?

-Kisa yo di ? Kisa yo fè ?

-Kisa Fanm Samaritèn nan t ap chèche nan pi a? Poukisa ?

-Kisa Jezi di sou dlo a ?

-Kisa ki atire atansyon nou nan lekti sa a ?



#### 4. An n kalkile sou pawòl la

-Pi yo nan Bib la yo marye ak istwa danmou : Jakòb, Moyiz... elatriye. Kounyeya Jezi pale ak fi samaritèn nan e li envite fanm sa a pou li antre nan kontra renmen avèk Bondye jan Jezi te prezante l.

Jezi pati ak sa fi a bezwen, men li fè sa apati pwòp bezwen pa l : ban m yon ti gout dlo, tanpri...

## Chandèl limen

Pou nou antrè pl jon nan pawòl Bondye a :

Fi a bezwen dlo paske dlo se sous lavi. Li bezwen dlo pou l bwè, pou l fè manje, pou l benyen, pou l fè lesiv...

Nou bezwen lapli pou wouze jaden nou yo. Lè lapli pa tonbe nou wè lavi a fini...

Nou konn di gen moun ki mare lapli... sa se yon bagay ki pa setèn. Ki moun ki pi fò pase Bondye?

Kilè nou mare lapli toutbon vre ?

Chak fwa nou koupe pyebwa yo se lapli nou mare. Nou fè peyi nou an vin tounen yon dezè. Kounyeya gen anpil lòt katastwòf ki ka tonbe sou nou...

### 5. An n lapriyè sou pawòl la

#### Lapriyè kominotè

*Nou kanpe alantou veso ki gen dlo a. Nou mete men nou ansanm youn sou lòt sou veso ki gen dlo a. pandan n ap di ansanm: Papa nou ki nan syèl la.*

#### Animatè, Animatris :

Papa Bondye ou kreye linivè ak tout sa ki pou itil nou ladan l

Ou ban nou yon paradi avèk lòd pou nou byen pwoteje l

Chak fwa nou pa obeyi ou, nou pa swiv wout ou trase pou nou yo nou detwi lanati e nou detwi lavi.

Chak fwa n chwazi fènwa nou anpeche Wayòm ou a rive.

Tanpri Papa Bondye fè nou chanje konpòtman nou pou nou kòmanse pou n fè lavi fleri nan peyi nou an.

#### Yon chan mèsi osinon lapè

*Pou fini nou fè sonje tèm nan “Dlo se sous lavi”, pwochen tèm nan n ap kalkile l sou pyebwa yo. Nou envite nou pote ti pyebwa yo pou nou plante yo ansanm oubyen pote grenn pou nou plante nan sachè oubyen pou n separe bay lòt yo. ■*



### Lekti Labib pou mwa Jen 2009

#### Dimanch 7 Jen Fèt Papa ak Pitit la ak Lesprisen an

1. Detewonòm, 4, 32-40
2. Wòm 8, 14- 17
3. Matye 28, 16-20

#### Dimanch 14 Jen Fèt kò ak san Jezi (fèt Dye)

1. Egzòd 24, 3 -8
2. Ebwe 9,11 -15
3. Mak 14, 12- 16; 22-26

#### Vandredi 19 Jen Fèt Sakrekè

1. 1 Izayi 12, 2, 4- 6
2. Efezyen 3, 8-12, 14-19
3. Jan 19, 31 - 37

#### Dimanch 21 Jen 12<sup>o</sup> dimanch tan òdinè

- 1- Jòb 38, 1- 11
- 2- 2 Korentyen 5, 14- 17
- 3- Mak 14, 35-41

#### Dimanch 28 Jen 13<sup>o</sup> dimanch tan òdinè

- 1- Liv Lasajès 1, 13 - 15, ak 2, 23-24
- 2- 2 Korentyen 8, 7-9; 13-15
- 3- Mak 5, 21 - 43

*Flerèt Matye*



# Blag ak Jwèt

## Yon machin “atrap-vòlè”

Yo envante yon machin “atrap-vòlè” Ozetazini.

Y al nan pakèt peyi pou eseye l.

Yo eseye l Ozetazini, nan 30 minit, li pran 20 vòlè.

Yo eseye l Wayòm Ini, nan 30 minit, li pran 500 vòlè.

Yo eseye l Espay, nan 20 minit, li pran 25 vòlè.

Yo eseye l Gana, nan 10 minit, li pran 6000 vòlè.

Yo eseye Nijerya, nan 5 minit, li pran 9000 vòlè.

Y al eseye l Ayiti, nan 3 minit, yo vòlè machin nan.



## mo kwaze mwa pase a

	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
1	S	E	N	K	A	N	T	K	A	T
2	W		W	E	T	E		A		A
3	A	B	I	T	E		A	Z	A	
4	S	E	T		M	E	T	E	Y	O
5	A	L		D	I	S		K	I	D
6	N	E	N		Y	O	N		T	O
7	T		A	T	O	U		K	I	N
8	N	O	T	E		F	M	I		A
9	E	N		T	A	L	I	B	A	N
10	F	E	B		N	E	S	A	N	S

## Mo Kwaze

### Pran agòch ale adwat

1. Esplike sans yon mo oubyen yon bagay.
2. Li fèt an beton pou kouvri kay - Koutiryèz mete l nan dwèt li.
3. Bank Entè ameriken pou devlopman (abrevyasyon) - Itil.
4. Bay pèmisyon - Ki pa bay manti osnon fe zak malonet.
5. Ki pa bone - Amize - Non yon fi.
6. Zile nan lang espanyòl - Tout kalte
7. Fason òganize pou rasanble enfòmasyon - senkyèm mwa nan ane a.
8. Pwoblèm, difikilte - Premye fi ki te sou tè.
9. Ofis Pwoteksyon Vyeyès (abrevyasyon) - Vin pi jèn.
10. Kote de mi rankontre pou fòmasyon - Ki pa vo anyen.

### Pran anwo desann anba

1. Relijon Pwotestan.- Pwonon pèsònèl
2. Mwayen, metòd ak resous ki la pou pou devlope lespri moun ki nan yon peyi.
3. Chay yo mete sou do yon moun - Nòt mizik ki vini apre sòl - Avèk.
4. Mas tè ki antoure ak dlo - Ki gen anpil aktivite.
5. Nouvo nan lang anglè - mare dí.
6. Panse, refleksyon - Asistans - Nivo sosyal ou.
7. Ki fèt pou koke rad - foto
8. Fache - ki vini avan chif 2.
9. Gade - Maklouklou.
10. Kote yo fè batistè.



	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
1										
2										
3										
4										
5										
6										
7										
8										
9										
10										

Jan Fanaspò



Bon  
Journal  
Nouvel

103, Ri Pave  
B.P. 19252  
HT-6112  
Pòtoprens, Ayiti

Tel: 223-9186 ak 510-4477  
bonnouvel@yahoo.com  
Site web :  
www.bonnouvel.org

ISSN 1606-660X

### Pwojè “Bon Nouvel”

Sipèvizyon: Pè Gi Vandekandelare - Pè Lik Devègle

Dirèksyon: Pè Jan Out

Redaksyon journal la : Wozilya Franswa.

Dokimantasyon: Wozilya Franswa

Sekretarya ak Pwomosyon: Flerèt Matye

Distribisyon: Jan Deni Tanis - Wilga Belanj

Administrasyon: Wilga Belanj

Antretyen: Yolèn Chal